ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№129 (22.787) • 2014 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 5, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр тумэни 10-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## КIуэкIуэ Юрий зи щхьэ IуэхукIэ зыкъыхуэзыгъэза цIыху 20-м яIущIащ мазэ кIуам

**Дызэрыт илъэсым и мэкъуауэгъуэ мазэм кърихубыдэу КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий зи щхьэ IуэхукIэ къекIуэлIа цIыху 20-м яIущIащ.**

АБЫХЭМ нэхъыбэу къаIэтар жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр зыхуэдэрщ, лэжьыгъэм и лъэныкъуэкIэ цIыхухэм я хуитыныгъэхэр къыщызэпауд къызэрыхъурщ, хьэрычэт IэнатIэм зегъэужьынымрэ инвестицэхэр къызэщIэгъэуIуэнымрэ япыщIа гугъуехьхэрщ, нэхъ хуэмыщIауэ псэухэм ядэIэпыкъунырщ.

ЦIыхухэм я лъэIухэмрэ тхьэусыхафэхэмрэ япкъ иткIэ, республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэм зыхуэфащэ ведомствэхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм пщэрылъ пыухыкIахэр яхуигъэуващ.

Илъэсыр къызэрихьэрэ КIуэкIуэ Юрий республикэм и жылагъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм ящыщу цIыхуи 142-м яхуэзащ.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр ЭлектрокъарукIэ къызэрызэрагъэпэщым шынагъуэ къытемыгъэхьэнымкIэ штабым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2012 гъэм щIышылэм и 30-м къыдигъэкIа Указ №14-УГ-мкIэ къищтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр ЭлектрокъарукIэ къызэрызэрагъэпэщым шынагъуэ къытемыгъэхьэнымкIэ штабым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр ЭлектрокъарукIэ къызэрызэрагъэпэщым шынагъуэ къытемыгъэхьэнымкIэ штабым хэтхэр къэщтэным теухуауэ» 2012 гъэм щIышылэм и 30-м къыдигъэкIа Указ №14-УГ-мкIэ къищтам, мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Штабым хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

**Бэлагъы Б. Б.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэр

**Каблов Д. С.** - Прохладнэ къалэм и «Къалэм и электросетхэр» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам и инженер нэхъыщхьэр *(зэгурыIуауэ)*

**Къарэ М. А.** - «Къэббалъкъкоммунэнерго» муниципальнэ предприятэ зэгуэтым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

**Ладан К. Н.** - «Энергетикэ системэ зэгуэтым и оператор» - «Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэмрэ Ставрополь краймрэ я энергосистемэхэр зыунэтI щIыналъэ диспетчер управленэ» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам и IуэхущIапIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм электроэнергетикэм и субъектхэм ядэлэжьэнымкIэ и къудамэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*;

б) **Кучменов Т. М.** - и къулыкъум зэреджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмрэ тарифхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщIыр *(Штабым и унафэщIым и къуэдзэщ)*;»;

в) **Камарзаев Э. А.** и къулыкъум зэреджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмрэ тарифхэмкIэ и къэрал комитетым и къудамэм и унафэщIыр *(Штабым и секретарщ);»;*

г) Штабым къыхэгъэкIыжын Дэхъушокъуэ А. И., Нартджэрий В. П., Тонконог А. Ю. сымэ.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2014 гъэм мэкъуауэгъуэм и 27-м*
*№139-УГ*

● КъБР-м и Парламентым

# Лэжьыгъэм пщIэ къыпокIуэ



Чеченов Ануаррэ Къаншокъуэ Эллэрэ.

**ЦIыхум и лэжьыгъэм гулъытэ къыщыпэкIуэм ар абы нэхъри зэригъэгушхуэр хьэкъщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым вэсэмахуэ апхуэдэу игъэлъэпIащ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм пэрыт цIыху 80-м нэблагъэ.**

ПАРЛАМЕНТЫМ и УнафэщI Чеченов Ануар къыщыпсалъэм къыхигъэщащ иужьрей илъэситхум ди республикэм и гъащIэм Iуэхугъуэ дахэ куэд къызэрыщыхъуар. «Лэжьыгъэ гугъу Iэджэ дыIущIащ. ИтIани, зэпымыууэ щхьэж и IэнатIэм щегугъуу лэжьащ, абы и фIыгъэкIи тхузэфIэкIар мащIэкъым. Фызэрыщыгъуазэщи, япэ махуэм щегъэжьауэ ди къару зэхэлъу дыхущIэкъуащ Парламентым и лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным, къэрал Iуэхухэм зегъэужьыным, щIыпIэ самоуправленэхэм защIэгъэкъуэным, республикэм и законхэр купщIафIэ хъуным, экономикэмрэ социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр цIыхухэм яхуэщIэнымрэ иджырей гъащIэм езэгъ щIыным, нэгъуэщIхэми. ИкIэм-икIэжым, узыщыгуфIыкI хъуну куэд зэдгъэхъулIащ. Нэхъыщхьэращи, дэ диIэщ лэжьакIуэ гуащIафIэхэмрэ щIалэгъуалэ жыджэрхэмрэ», - жиIащ Чеченовым.

Хабзэ дахэ зэрыхъуауэ, гъатхэ сессиер щызэхуащIыжым ирихьэлIэу, спикерым а махуэм ехъуэхъуащ зи лэжьыгъэкIэ къыхэжаныкIахэм. КъБР-м и Парламентым и щIыхь тхылъхэр иратащ лэжьыгъэм и ветеранхэм, щIыпIэ самоуправленэм, щэнхабзэм, щIэныгъэм, спортым, узыншагъэр хъумэным, хъыбарегъащIэ IэнатIэм пэрытхэм. Ди гуапэ зэрыхъунщи, ягъэлъэпIахэм ящыщщ «Адыгэ псалъэ» газетым жэуап зыхь и секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, ди лэжьэгъухэу «Горянка» газетым и къудамэм и унафэщI Байсиевэ Марзиятрэ дизайнер Бекъул Татьянэрэ, «Черекские вести»-м и корреспондент Азаматовэ Зульфия, «Прохладненские известия» газетым и редактор нэхъыщхьэ Глашковэ Еленэ сымэ. ЩIыхь тхылъхэр иратащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэми. УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и Аппаратым и щIыхь тхылъхэр хуагъэфэщащ Iэпыч Маринэ, Моржерин Сергей, Угъурлы Ларисэ сымэ.

Апхуэдэуи КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и фIыщIэ тхылъкIэ ягъэлъэпIащ цIыху 28-рэ. Абыхэм ящыщщ: «Къэбэрдей-Балъкъэр» телеканалым и корреспондент Аттаев Азнорр КъБР-м и Парламентым деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм и унафэщI Джаппуев Мусэрэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ фи лэжьыгъэмрэ фыхуэпэжу, Iуэхум фыхуэнабдзэгубдзаплъэу, ехъулIэныгъэм фыхущIэкъуу фыпсэуну си гуапэщ», - дыщIигъуащ Чеченовым и хъуэхъум.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



## Мы махуэхэм

**Бадзэуэгъуэм и 5, *щэбэт***

♦**Кооперативхэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Арменэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - я Конституцэм и махуэщ**
♦**Венесуэлэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ**
♦**Брянск, Калугэ областхэр къыщызэрагъэпэща махуэщ**
♦**Днепр псым и дунейпсо махуэщ**. Ар зэдагъэлъапIэ Белоруссиеми, Урысей Федерацэми, Украинэми.
♦**Москва и зоопаркыр къыщызэрагъэпэща махуэщ**
♦1943 гъэм Курск зауэм щIидзащ.
♦1944 гъэм Новгород областыр къызэрагъэпэщауэ щытащ
♦1957 гъэм Налшык Ленинным и фэеплъ къыщызэIуахащ.
♦Шэрджэс тхакIуэ **Абыкъу Хъалид** къызэралъхурэ илъэси 114-рэ ирокъу.
♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Апажэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.
♦КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист, СССР-м боксымкIэ спортым и мастер **Алий Сулеймэн** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.
♦КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист, Къэрэшей-Шэрджэсым и ЦIыхубэ Зэхуэсым и депутат, «Абазашта» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Къул Фирдаус** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

**Бадзэуэгъуэм и 6, *тхьэмахуэ***

♦**Тенджыз, псы флотхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ**
♦**Къэзахъстаным щагъэлъапIэ я къалащхьэм и махуэр.** 1994 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м Къэзахъстан Республикэм и Совет Нэхъыщхьэм унафэ къищтауэ щытащ я къалащхьэр Алма-Ата ирахыу Астана зэрагъэIэпхъуэм теухуауэ.
♦**Литвам я лъэпкъ гуфIэгъуэщ** - Къэралыгъуэм и махуэр ягъэлъапIэ.
♦1557 гъэм Къэбэрдейр езым фIэфIу Урысейм гухьащ.
♦1957 гъэм КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и гуфIэгъуэ сессие зэхэтащ. Ар техуауэ щытащ Къэбэрдейр езым фIэфIу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъуам икIи республикэм Ленин орденыр етIуанэу къызэрыратам.
♦Олимп Джэгухэм я чемпион **Рогожин Сергей** къызэралъхурэ илъэс 58-рэ ирокъу.
♦Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Мысачэ Валерий** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.
♦Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Сэхъурокъуэ Анатолий** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пщыхьэщхьэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 29-рэ, жэщым градус 19 - 21-рэ щыхъунущ.

**Бадзэуэгъуэм и 7, *блыщхьэ***

♦1687 гъэм Ньютон Исаак къихутащ дунейм зыщIэзышэ къару зэрыхэлъыр.
♦1971 гъэм **КIыщокъуэ Алим** СССР-м и Литфондым и унафэщIу хахащ.
♦1924 гъэм къызэрагъэпэщащ Осетие Ищхъэрэ автоном областыр. Иджы Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэщ.
♦1928 гъэм тхакIуэ, IуэрыIуатэдж, литературэдж, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Абхъаз Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Нало Заур** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.
♦Оперэ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, СССР-м и цIыхубэ артисткэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, ди республикэм мызэ-мытIэу щыIа **Образцовэ Еленэ** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.
♦УсакIуэ, тхакIуэ, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист **Хъурмэ Хъусен** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.
♦КъБР-м и Парламентым и депутат **Iэпщэ Заур** и ныбжьыр илъэс 46-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 27-рэ, жэщым градус 18 - 23-рэ щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

## Хэдэ мэдакъуэри, хэплъэ мэплъакъуэ.

● Ди хьэщIэщым



ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий и хъуэхъу.

# Илъэс 90 гъуэгуанэм къыпещэ

**«Адыгэ псалъэ», «Заман» газетхэм къыдэкIын зэрыщIадзэрэ илъэс 90 зэрырикъур иджыблагъэ ягъэлъэпIащ. А Iуэхум къыпызыщэ зэIущIэ дахэщ иджыблагъэ «Адыгэ псалъэ» газетым и хьэщIэщым щекIуэкIар.**

ГАЗЕТХЭР къыдэгъэкIыным, ар зыхуей хуэзэу къызэгъэпэщыным, лэжьакIуэ гупыр унэтIыным теухуауэ къалэн нэхъыбэ зи пщэ къыдэхуэ редактор нэхъыщхьэхэу **ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ Аттаев Жамалрэ**, адыгэбзэрэ балъкъэрыбзэкIэ къыдэкI республикэ газетхэм щылажьэхэм ехъуэхъуну къэкIуащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, КъБР-м и ХьэрычэтыщIэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ уполномоченнэ **Тау Пщыкъан**, ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ **Зумакулов Борис**, КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI **Дроздов Игорь**, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** сымэ.

ХьэщIэхэм псалъэ гуапэ куэд хужаIащ республикэм и журналист IэнатIэм куэд щIауэ пэрыт, жылагъуэ, политикэ гъащIэм я зэфIэкIрэ акъылрэ халъхьэу лъахэр егъэфIэкIуэным хуэлажьэ нэхъыжьыфIхэу ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ Аттаев Жамалрэ. Апхуэдэуи министерствэхэм, ведомствэхэм къабгъэдэкI щIыхь тхылъхэр тхьэмадэхэм хуагъэфэщащ. Министерствэхэм я гулъытэ лъагъэсащ журналистхэми. Дроздов Игоррэ Къумахуэ Мухьэдинрэ щIыхь тхылъхэр иратыжащ зи лэжьыгъэкIэ къыхэжаныкIа журналист зыбжанэм.

Дахэу ежьа Iуэхур дахэу йокIуэкI, жаIэ. ЛъэпкъыбзэкIэ къыдэкI газетитIым я илъэс 90 гъуэгуанэм иджыри къыпещэ. «Адыгэ псалъэ», «Заман» газетхэр дяпэкIи къыдэкIынущ я щIэджыкIакIуэхэм хъыбар гуапэхэр хуахьрэ лъэпкъхэр езыгъэфIэкIуэн, хэкум зезыгъэужьын IуэхущIафэхэр ялэжьу.

**ШЫПШ Даянэ.**

*Сурэтыр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Тэрч щIыналъэ

## ЗэблэкIыгъуэ къэс

**Гъэмахуэм къриубыдэу Тэрч районым щыпсэу сабий 1050-м КъБР-м узыншагъэр щрагъэфIакIуэ и санаторэхэмрэ лагерхэмрэ зыщагъэпсэхунущ.**

АПХУЭДЭУ районым и «Налмэс» гъэмахуэ лагерым и лэжьыгъэм мэкъуауэгъуэм и 2-м щIидзащ икIи абы зыхуей хуэзэу сабийуэ 133-рэ щаIыгъщ. ЗэблэкIыгъуэ къэс мыбы цIыху 200 къищтэну Iэмал иIэщ. Псом хуэмыдэу гулъытэ хэха хуащI бынунагъуэшхуэхэмрэ хуэмыщIауэ псэу унагъуэхэм къахэкIа цIыкIухэмрэ. Гъэмахуэр икIыху зызыгъэпсэхунухэм, зи узыншагъэр езыгъэфIэкIуэнухэм я нэгу зрагъэужьынущ, Iэпкълъэпкъым зезыгъэужь спорт дерсхэр драгъэкIуэкIынущ.

КъищынэмыщIауэ, класс нэхъыжьхэм нэса ныбжьыщIэхэр лэжьыгъэкIэ къызэгъэпэщыным ехьэлIа Iуэхугъуэри ирагъэкIуэкI куейм и цIыхухэм IэнатIэ ятынымкIэ центрым и IэщIагъэлIхэм. Абыхэм я мурадщ мы гъэм къриубыдэу цIыху 360-м ядэIэпыкъуну.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

■ ХъыбарыщIэхэр ■ Щикъухьащ адыгэр дунеижьым
КЪЭБЭРДЕЙ
■ Спорт ■ Малъхъэдис

● Шэрэдж щIыналъэ

## Гъэсэныгъэм телажьэхэр

**Шэрэдж районым щекIуэкIащ район администрацэм дин IуэхухэмкIэ и советым и зэIущIэ. Абы щытепсэлъыхьащ щIыналъэм ис щIалэгъуалэм хэкупсэ гъэсэныгъэ тэмэм ябгъэдэлъхьэным.**

ЩIАЛЭГЪУАЛЭ IуэхухэмкIэ, спортымрэ туризмэмкIэ район комитетым и унафэщI Аккиев Хьэсэн и гугъу зэрищIамкIэ, ахэр пыщIэныгъэшхуэ хуаIэу ядолажьэ егъэджэныгъэмкIэ управленэм, щэнхабзэмкIэ администрацэм и къудамэм, спорткомитетым. Апхуэдэ зэкъуэтыныгъэм и фIыгъэкIэ еджапIэхэм щIэх-щIэхыурэ яIуощIэ, дерс къызыхахын псалъэмакъ щхьэпэхэр ныбжьыщIэхэм драгъэкIуэкI. Гъэсэныгъэ мыхьэнэ ин яIэщ къызэрагъэпэщ спорт зэхьэзэхуэхэми.

ЕджапIэхэм гъэ еджэгъуэр иухыху хэкупсэ гъэсэныгъэм гулъытэ хэха щыхуащIащ. ЕгъэджакIуэхэри класс нэхъыжьхэм щеджэхэри хэту ирагъэкIуэкIа зэпсэлъэныгъэхэм сыт щыгъуи хэтащ жылагъуэхэм я Iимамхэр, ислъам институтым, КъБР-м и ДУМ-м я лэжьакIуэхэр.

ЗэIущIэм къыщаIэтащ хэкупсэу къыдэкIуэтей щIэблэр гъэсэным ехьэлIауэ ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэри. Къыхэгъэщыпхъэщ, Шэрэдж районым ит курыт школхэр илъэс куэд хъуауэ Балъкъэр Ипщэрэ Безенгирэ япщэкIэ щыIэ гъунапкъэхъумэхэм зэрадэлажьэр. Къапщтэмэ, мы жылагъуитIым дэт СОШхэм купщIафIэу щолажьэ «Гъунапкъэхъумэхэм я ныбжьэгъу» клубыр.

Район администрацэм и Iуэхухэр зезыхьэ Байсиев Хьэрун и гугъу ищIащ Аушыджэр щызэхэт дзэ-хэкупсэ гъэсэныгъэмкIэ «Патриот» ныбжьыщIэ клубым иригъэкIуэкI лэжьыгъэфIхэм. Советым хэтхэм яубзыхуащ гъэ еджэгъуэщIэм зэрылэжьэну программэхэри.

**ЛЪОСТЭН Музэ.**

## КъБР-м и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидатхэм хэхыныгъэм и пэ къихуэ агитацэ ирагъэкIуэкIын папщIэ газетым и напэкIуэцIхэр зэрыхухах щIыкIэр

Федеральнэ законодательствэм къызэригъэувым тету, хэхыныгъэм и пэ къихуэ агитацэ ирагъэкIуэкIын папщIэ «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэ» къэрал IуэхущIапIэм депутатхэм я кандидатхэм я спискэ къэзыгъэлъэгъуа икIи КъБР-м и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм хэтыну хуит ящIа политикэ партхэм газетым и напэкIуэцIхэм ящыщу сантиметр зэбгъузэнатIэ 600 пщIэншэу яхухех, апхуэдэу абыхэм я материалхэр пщIэкIэ традзэ хъунущ. Апхуэдэм деж зы сантиметр зэбгъузэнатIэм сом 200 хуозэ.

## Лышхуэ птелъыну фIыкъым

УФ-м щIыхь зиIэ и дохутыр, Ставрополь дэт къэрал медицинэ академием эндокринологиемкIэ и кафедрэм и унафэщI Александрович Галинэ Налшык къалэм къыщеджэнущ егъэлеяуэ лышхуэ зытелъ цIыхухэм зэреIэзэ иджырей Iэмалхэм ятеухуа лекцэ. Абы кърагъэблагъэ республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IуэхущIапIэхэм я эндокринологхэр, гинекологхэр, терапевтхэр, андрологхэр.

Лекцэр бадзэуэгъуэм и 8-м сыхьэт 13-м Налшык Пирогов и цIэр зезыхьэ и уэрамым тет диагностикэ центрым щекIуэкIынущ.

***КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымрэ курортхэмкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ.***

## Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIащIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

# Щикъухьащ адыгэр дунеижьым

● Тыркум щекIуэкIа зэIущIэхэр



Хеттолог цIэрыуэ, ЩIДАА-м и академик Чурей Алий йопсалъэ ди корреспондентыр.
*Тырку Республикэ, Полонез кёй. 2014 гъэ, накъыгъэм и 27.*

## ЧУРЕЙ Алий:

## Дэ нэгъуэщI хэку дыщыгъэгъэнукъым

***Тыркум дыщыщыIа махуэхэм ди гъусащ ди щIэджыкIакIуэхэм фIыуэ яцIыху тхыдэдж, хеттолог Чурей Алий. И ныбжькIэ мыщIалэжми, щIалэ куэдым къызэкъуамыхыфын къарурэ гулъытэрэ хэлъщ Алий, ныбжьэгъугъэм, къуэшыгъэм япэ иригъэщ зы Iуэхуи щымыIэу апхуэдэщ. Абы адыгэ тхыдэм хэлъхьэныгъэ куэд хуищIащ, хьетхэм я деж щегъэжьауэ къэхутэныгъэ куэд иригъэкIуэкIри, и лэжьыгъэхэр зэрыт тхылъ зыбжани къыдигъэкIащ. А псом нэмыщIкIэ, Алий хэкужьым къэкIуэрейщ, зи лъахэ исыж адыгэхэмрэ хамэ къэралхэм ипхъа хъуа ди лъэпкъэгъухэмрэ я зэхуакум гъуэгу гуэр дэлъыххэмэ, ар Алий фIыуэ ецIыху. Хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ зэпыщIа дыхъужыным, адэжь лъахэм щыIэ гуэр хамэщI исхэм къахуэсэбэпыным, абыхэм я хъыбаррэ я IуэхущIафэрэ дэ къытлъэIэсыным къару куэд ирихьэлIащ Чурей блэкIа илъэсхэм. ИкIи, сэ къызэрыслъытэмкIэ, илъэси 150-рэ и пэкIэ зэпэIэщIэ хъуа лъэпкъыр зэрыгъуэтыжын папщIэ и щхьэкIэ, и унагъуэкIэ хузэфIэкI къигъэнакъым. А псоми зэкIэлъыхьауэ дытепсэлъыхьащ зы сыхьэт хуэдэ дызэбгъэдэсыну къытхуихуати.*

- ЩЫГЪУЭ-ЩIЭЖ махуэр къэрал куэдым адыгэхэр щызэхишэу диIэщ, - къыддогуашэ Алий. - Илъэси 101-кIэ екIуэкIа зауэжьыр зэриухрэ мы гъэм илъэси 150-рэ зэрырикъум щхьэкIэ, дэни цIыху нэхъыбэ щызэхуэсащ, ди адэжьэм я фэеплъыр зэрахъумэр ягъэлъагъуэу. «Тыркум щекIуэкI апхуэдэ Iуэхум дыхэтынщ, я хъыбар хэкум щытIуэтэнщ, къэрахьэжьэну Iуэхур ядэтIыгъынщ», - жыфIэу Истамбыл нэс фыкъызэрыкIуам щхьэкIэ фIыщIэ фхузощI фэри, гупыр къезышэжьа, илъэс куэд хъуауэ си ныбжьэгъуфI, адыгэ Iуэхум зыкъримыгъэлыжу хэт ХьэфIыцIэ Мухьэмэди.

Иджы дыщIызэхыхьа Iуэхум теухуауэ сиIэ гупсысэр къыфхуэсIуэтэныр сфIэигъуэщ. Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ хъуащ, ауэ абы гуIэгъуэу къытхуихьар тщыгъупщакъым, уеблэмэ ар нэхъри къызэщIэстурэ йокIуэкI. Тхыдэм уриплъэжмэ, зы лъэпкъи щыIэкъым зэман зэхуэмыдэхэм бэлыхь хэмыхуарэ зауэ гуэр зымыгъэунэхуарэ. Дэ ди щхьэм къэрикIуар абы едвгъэгъапщи, гъэунэхупIэшхуэ дыхэтащ, щыхупIэ шынагъуэм дыщхьэщытащ, ауэ дыкъелащ...

Тхыдэм къытхуихьа мыгъуагъэхэм нобэ дыщытепсэлъыхькIэ, зауэ мыгъуэр щекIуэкIа зэманым елъытауэщ Iуэхум дызэреплъын хуейр. БлэкIа лъэхъэнэмрэ нобэмрэ куэдкIэ зэщхьэщокI, ди псэукIэкIи, Iуэху зехьэкIэкIи, къэрал ухуэкIэкIи, технологиекIи нэгъуэщI хъуащ. Абы ипкъ иткIэ, дэ къытщыщIамкIэ нобэ зыри дгъэкъуэншэну хуитыныгъэ диIэкъым. БлэкIар блэкIащ, къэкIуэнум ди Iуэху нэхъ къызэрикIынум хуэдэу дывгъэпсэуи нэхъыфIщ.

Зы мыIэрысэр тIууэ зэгуэгъэхуауэ фи нэгу къыщIэвгъэхьэт. Абы и джабитIым хуэдэу лъэныкъуитIкIэ гуэша дыхъуащ адыгэр - зыр хэхэсу, адрейр хэкурысу. Зы цIыхум и Iэпкълъэпкъым и ижьырабгъумрэ и сэмэгурабгъумрэ зэпэIэщIэу зэрихьэфынукъым, абы и IитIыр зэрызэдэмыIэпыкъуфым хуэдэу, дэри дыкъаруушэщ. Зи щIылъэныкъуэр зыIэщIаха хэкурысри зеиншэщ, хамэ щIыпIэ ирадза Iэпкълъэпкъ ныкъуэри ибэ къабзэщ. Пэжщ, ди гур зэрыдгъэфIу щыIэр дызэкIэлъыкIуэн, дызэрыщIэн щхьэкIэ Iэмал нэхъыбэ диIэ зэрыхъуарщ, икIи хъарзынэу къыдохъулIэ ар. Фэри фыкъокIуэ, дэри дынокIуэ. Ауэ ди жагъуэ зэрыхъунщи, дэ дызэрыс къэралымрэ фэ фыщыпсэумрэ зэрызэпэIэщIэм хэкурысхэмрэ хэсхэмрэ зэмыщхь дещI, хабзэкIи псэукIэкIи тIэкIу дызэхуэмыдэж хъуащ. Ар гъэщIэгъуэнкъым. Илъэси 150-кIэ дызэпэIэщIэу дыпсэуащ. Уэшхышхуэ къешха нэужь, щIым и щхьэфэр зэрытрилъэсыкIым хуэдэу, ди хабзэм и IэфIыпIэри зэманым щIилъэсыкIащ, ди бзэри нэхъ тIасхъэ хъуащ.

Ди тхыдэм хэта гуIэгъуэр дэ зэи тщыгъупщэнукъым, абы къикIырхъым зыгуэрым зыхуэдгъэгусэу, лъыщIэж дигу илъу е нэгъуэщIу. Зауэм кърикIуар тщIэн хуейщ, я нэхъ мащIэрамэ, апхуэдэ бэлыхьлажьэ зэи къэдмыгъэхъун, зэпIэщIэувэныгъэм къихь мыгъуагъэр щIэблэм ящIэн щхьэкIэ. Абы папщIэ хъарзынэщ щыгъуэ-щIэж махуэм адыгэхэр зэрызэхыхьэр, абы къэзэуат хэмылъу къызэгъэпэщыныр унафэщIхэм къызэрыддаIыгъыр. ДызыхэпсэукI зэманым дыдэбэкъуэфу щытыныр псом нэхърэ нэхъыщхьэу къызолъытэ.

«Зэманыр гущIэгъуншэщ», - жысIэ зэпытщ сэ. Дэ абы дыхуэсакъын хуейщ, абы и жьым къытхуихьынур тщIэркъым. Илъэс 24-кIэ дызэIэбэкIыжмэ, Совет властыр щызэхэщащэм дифI зыхэлъ Iуэху къыхэкIащ. IитIыр зэрымыIуэтмэ, зэрыщIэркъым жыхуиIэрати, къыдэбэкIымкIэ дызэдэгуашэу, ди щыщIэныгъэхэмкIэ дызэдэIэпыкъуу дыхъуащ. Хэкум къикI дэIэпыкъуныгъэрщ зи фIыщIэр ди сабийхэр адыгэбзэкIэ едгъаджэу, зэредгъэджэн диIэу зэрызэтедублэжар, ди анэдэлъхубзэмкIэ тхылъ, журнал хуэдэхэр къыдэдгъэкIыфу дызэрыхъуар. ДяпэкIэ зэманыр нэхъыфIыж хъуну сыщогугъри, зауэ-банэ хэмыту, цIыхухэм я зэхуаку ткIиягъ къыдэмыхъуэу, гумащIагъэкIэ дызэхуэупсэу дыкъызэдекIуэкIын хуейщ. Ди бзэр зетхьэфмэ, абы и мыхьэнэр къытщIэхъуэм къыгурыдгъаIуэмэ, фIы куэд кърикIуэнущ.

**- Зэманым зихъуэжащ жыпIащ, Алий. Дэнэ щыпсэу адыгэри зэкIэлъыкIуэ, ди хъыбар зэIэпытхыф зэрыхъуам дэри дрогуфIэ, нэхъыбэжу ирогушхуэ ижьижьыж лъандэрэ хэкум зи нэр къыхуикIыу псэу хэхэс адыгэхэм я щIэблэр. Фэ, Тыркум ис адыгэхэм зэманым къыфхуздихьа хуитыныгъэхэм, Iэмалхэм нэхъыфIу хэплъагъуэр сыт?**

- Жэщым уэгум итыр мазэм и закъуэтэмэ, вагъуэ быныр къепщIэпщIэкIыу щымытамэ, сытым игъэдэхэнт?! Сэ ЩIы хъурейм щыпсэухэр вагъуэмрэ мазэмрэ изогъэщхь. Лъэпкъышхуэхэм, технологие и лъэныкъуэкIэ хуабжьу зызыужьахэм нэхъ цIыкIухэр ямыгъусамэ, щIыгур апхуэдэу гъэщIэгъуэн хъуну пIэрэт?! Ауэ лъэпкъ цIыкIухэм нэхъ инхэр ягъэдэхэф щхьэкIэ, я закъуэ псэуфынукъым, а нэхъ зызыужьар - дыгъэм, мазэм хуэзгъадэр - щIымыгъумэ. Ар фIыуэ къагурыIуэу къысщохъу, дэ дызыхэс тыркухэм я тхьэмадэхэм. Си гурегъэин адыгэр дызищIысыр, ди щхьэм кърикIуар, ди нэгу щIэкIа гуауэр абыхэм къазэрыгурыIуэм. Абыхэм зэхащIыкI, езыхэм хуэдэ цIыхуу дэри дызэрыщытыр, лъэпкъ, щIыгу, жьэгу диIэу дыкъызэрекIуэкIар, зэман гущIэгъуншэм дунейм дызэрытрипхъар. Сэ адыгэу сыкъалъхун щхьэкIэ Тхьэм селъэIуакъым, а лъэпкъым сыщыщу сыкъэхъуащи, си щхьэр ирисIэту, схузэфIэкI хуэсщIэу сыпсэуну сыхуейщ. Удзым, пхъэщхьэмыщхьэм, былымым яхэплъэт, псори зэмылIэужьыгъуэщ, цIыхуу, лъэпкъыу мы дунейм тетри апхуэдэу зэщхьэщокI. Тыркум щыпсэу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэр иужьрей илъэсхэм хуит хъуащ я бзэр, я хабзэр, я щэнхабзэр зэрахьэжынымкIэ. А хъугъуэфIыгъуэхэр пхъумэмэ, уи щхьэр зыхуей хуэбгъэзэжыфынущ, уи лъэпкъыцIэр кIуэдынукъым, нэгъуэщIхэм уахэшыпсыхьыжынукъым. ЦIыхум акъыл иIэмэ, хэкIыпIэ къимыгъуэтыфынкIэ Iэмал щыIэкъым. Сыт хуэдэ хэкIыпIэ дэ дызыхуейр? Адыгэу дыкъэнэнращ ди хэкIыпIэр, абы папщIэ цIыхум дебэнын, лъэпкъ гуэрым дыпэщIэувэн хуейкъым. Щхьэж и унагъуэ и анэдэлъхубзэр щызекIуэу, и хабзэр щызэрихьэу щытмэ, адыгэр зэи зыщIыпIи щыкIуэдынукъым.

**- Дэ тщыщ дэтхэнэ зыми, щэхуми нахуэми, зэгуэр лъэпкъ уардэу, бжыгъэкIэ куэду щыта адыгэр зэрыгъуэтыжыныр, зы щIыгу итIысхьэжыныр и хъуэпсапIэу къыщIэкIынщ. Уэ куэд плъэгъуащ, куэдым я гупсысэ ущIэдэIуащ, хэхэс гъащIэр бгъэунэхуащ, хэкужьым кIуэж гъуэгум мызэ-мытIэу утетащ. УзэреплъымкIэ, пщIыхьэпIэ дахэм хуэдгъадэ а гупсысэр зэгуэр нахуапIэ хъуну пIэрэ?**

- МыIэрысэр лъэныкъуитIу зэгуэча зэрыхъуар нетIэ жысIащ, ар зы псо хъужынрэ-мыхъужынрэ ущIэупщIэу аращ уэ. Нобэ «сэ сыадыгэщ» жиIэу дэнэ щыпсэуми, зы цIыху урихьэлIэнкъым хэкум игъэзэжыныр имыщIасэу. Иджы дунейм лъэпкъыу тетым яIэ гугъуехьым хуэдэ диIэщ дэри, ди щхьэ закъуэ абы дыхэкIыфыну къысщыхъуркъым. Дэ дыкъапщтэмэ, Тыркум дыкъыщалъхуащ, мыбы дыкъыщыхъуащ, дыщеджащ, унагъуэ щыдухуащ, дыщылэжьащ, жьы дыщыхъури, пенси дыкIуащ. Мы къэралым си гъащIэр щысхьащ, щекIуэкI системэм сыщIапIыкIри, абыкIи сыпсэуащ. Иджы си ныбжьыр здынэсам гугъущ а псори зэуэ хыфIэздзэу си дежкIэ мыцIыху псэукIэм сыкIуэу сыхэтIысхьэныр. Хэхэсыным нэхъри нэхъыфIщ гугъу уехьми, хэкум уисыжыныр жыдоIэ дэ. А гупсысэращ къызыхэсхыр я щIалэгъуэ щIыкIэ ди бынхэр хэкум гъэкIуэжын зэрыхуейр. Къапщтэмэ, хэкум укIуэжыным сыт хуэдиз гугъуехь пыщIами, ди адэжьхэр абы къыщрахум ирагъэшэча бэлыхьым ауи пэхъунукъым. Аращи, ди щIалэгъуалэр куэду нэдгъэкIуэжын хуейщ ди адэшхуэхэр къыздикIа жэнэт щIыпIэм.

Лъэпкъыр дызэрыгъуэтыжмэ, лъэщ дыхъужынущ. Лъэщ дыхъумэ, зыгуэрым дезэуэну, ищI къытетхыну, и цIыху дукIыну аракъым, атIэ ди бзэмрэ ди щхьэмрэ мыкIуэдын, лъэпкъышхуэхэм дахэмышыпсыхьын папщIэ дызэрыгъуэтыжу ди щэнхабзэм зедгъэужьыжыну ди хъуэпсапIэу аращ. Нобэ Тыркум щыIэ къалэхэм зы хасэ цIыкIу щызэхэпшэкIэ, абы цIыху зыбжанэ къекIуалIэкIэ, щэнхабзэр яхуэгъэпсэунукъым. Удз гъэгъар зыпытым къыпыпчмэ, хуэлэнущ. Дэ нэгъуэщI хэкум дыщыгъэгъэнукъым, адыгэу дыкъыщынэфынукъым. ДыкъызыхэкIыкIар Кавказ щIыналъэращи, щIым къыхэна жыг лъэхъцыр къэлэжьэжу, хэкум дыкъыщыдэжыжын хуейщ.

**- Фэрэ дэрэ ди зэхуаку дэлъ зэпыщIэныгъэр нэхъ гъунэгъу зэхуэхъуным, зыми хуэмыдэжу, къару куэд епхьэлIащ уэ. А псом я щхьэу къызолъытэ, шыпхъу пэлъытэ тхуэхъуа уи хъыджэбзыр хэкужьым нэбгъэкIуэжу зэрыщебгъэджар, абы щыпсэуну къызэрыбгъэнэжар. Дыжьын Налшык накIуэу щеджэным, иужькIэ IэнатIэ щыпэрыувэным, щыпсэуным дауэ хуэкIуат уи унагъуэр? Ар пщащэм къыхиха гъуэгут, хьэмэрэ, уи жьэгур зэрыпхуэмыгъэIэпхъуэжыныр къыщыбгурыIуэм, зы гъэгъа адэжь лъахэм щыбгъэкIыныр нэхъ къапщтэу уэ тебгъэгушхуа?**

- Сэ сызэрыцIыкIурэ ди къуажэми ди унагъуэми щызэхэсхырт «Хэку», «Кавказ» псалъэхэр. Ар ди адэшхуэхэм, анэшхуэхэм яжьэ жьэдэкIыртэкъым, ягу ихуртэкъым. СыщIалэ цIыкIуу сыщегупсыс щыIэт а псалъэхэм къикIым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы теухуа хъыбар куэд зэхэсхырт. Си адэм и адэ шыпхъуиплI IэплIэкIэ кърахащ абы. Мис абыхэм сащIэдэIуурэ сыкъэхъуащ. Пэжым ухуеймэ, нэхъапэхэм сипхъу згъэкIуэжыну е си щIалэ згъэIэпхъуэну сегупсысыртэкъым, си щхьэкIэ сыкIуэжыну си хъуэпсапIэт. Ар къызэхъулIакъым. Хъыджэбзыр балигъ щыхъум, а Iуэхум теухуауэ дызэакъылэгъуу къыщIэкIащ, и анэри арэзы тщIыри, нэдгъэкIуащ.

Абы иужькIэ куэдрэ сегупсысырт: Тыркум ис адыгэ унагъуэхэм ящыщ дэтхэнэ зыми зы цIыху закъуэ игъэкIуэжрэ дэIэпыкъуурэ хэкум лъэ быдэкIэ щигъэувыжтэмэ, ар лъэмыж тхуэхъунут. ЩIалэхэр дзэм ягъакIуэ, пщащэхэр унагъуэ ират - абы нэхърэ нэхъыкIэ, ди адэжьхэр залымыгъэкIэ къызрахуа жэнэт щIыналъэм ди щIэблэр дгъэкIуэжыну? Сыт абы пщэдей къытхуихьынур? «Уэлэхьи, си шыпхъу абы щопсэури, сыкIуэнщи сыщIэупщIэнмэ», - жиIэнти дэлъхур кIэлъыкIуэнт. Зи къуэш кIуэжам и деж щIалэр лъагъунлъагъу кIуэнт. Апхуэдэурэ дихьэхыжынти, зэрыбыну Iэпхъуэжынт.

**- Iэмал хъарзынэт ар, хэхэсхэм къахуэгъэсэбэпамэ...**

- Къызыхуэмыгъэсэбэпхэми си губгъэн ятехуэркъым. Псоми зрачу кIуэжын хуейуэ къэзгъэувыркъым, Замирэ, ар зэрыгугъур сощIэри. Ар хуэм-хуэмурэ зэдгъэхъулIэн хуейуэ аращ. АпщIондэху адыгэхэр зыр зым и тIасхъэщIэхыу дыщымыту, лъэпкъ зэхэгъэж дымыщIу, унагъуэ зэхэдз димыIэу дыпсэун хуейщ. А зэхущытыкIэ мыфэмыцым мыгъуагъэщ къытхуихьынур. ЦIыхур дэнэ щалъхуами щапIами зыхэсхэм заригъэкIуу ядэпсэун хуейщ, ауэ гурэ псэкIэ зыщигъэгъупщэ хъунукъым къызыхэкIа лъэпкъыр, и анэдэлъхубзэр. Ар адыгэхэм ехьэлIамэ, ди лъэпкъэгъухэр дэни щызэкъуэтын хуейщ. Дызэкъуэмытмэ, дыкIуэдынущ.

Нобэ дэ хэку щIыжытIэри, абы дынышIэкIуэри, лъахэм къина фэ адыгэжь тIэкIуращ. Абыхэм я хьэтырщ ди зэпыщIэныгъэр щIефIакIуэр. ФэрыщIагъи политикэ Iуэхуи хэслъхьэркъым мыбы - ди адэжь щIыналъэм къинэжа мащIэ тIэкIум дахуэсакъын хуейщ, дызэрыутIыпщ хъунукъым. Уи благъэр бий пщIымэ, уи бийм благъэ хуэхъунщ, жеIэ псалъэжьым. Ди благъэхэр бий дывмыгъэщI, Iэ къытхуэзышийм IэштIым едвмыгъэгъэлъагъу, зы лъэбакъуэ къытхуэзычым лъэбакъуипщI хуэдвгъэчыж. Аращ адыгагъэми хабзэми лъабжьэ яхуэхъур, ди лъэпкъым и уардагъэр зыгъэлъэгъуэнур, ди къэкIуэнур фIы зыщIынур.

**- Тхьэм уигъэпсэу, Алий. НэхъыжьыфI зиIэм нэхъыщIэфI иIэщ, жеIэ адыгэм. Уи дуней тетыкIэкIи, уи гупсысэкIэкIи щапхъэ узыхуэхъун щIэблэ узыншэ къытщIэхъуэну, ди жьантIэр бгъэбжьыфIэу куэдрэ ди япэ уитыну Тхьэм жиIэ!**

- ФIыщIэ пхузощI. Си хэкуэгъухэм, си лъэкъэгъухэм, ди нэхъыжь лъапIэхэм гумрэ псэмрэ къабгъэдэкI сэлам гуапэ схуефхыж. ГуфIэгъуэкIэ нэхъыбэрэ дызэкIэлъыкIуэныр Тхьэм насып тхуищI.

*Епсэлъар*
**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.**

## ЛIым и лIыгъэр здынэсыр наIуэ къэзыщIыр псэзэпылъхьэпIэрщ

● Фэеплъ



Армэм и генерал Джырандокъуэ Хъусен.

ИлъэсиплIым нэблагъэкIэ узэIэкIыжмэ, Сирие Хьэрып Республикэм къыщыхъуа политикэ зэпэщIэувэныгъэр зыхуэкIуэжа граждан зауэм абы щыпсэу ди хэкуэгъухэр бэлыхь хидзащ. Ди лъэпкъэгъу лажьэншэ куэд хокIуадэ, мин бжыгъэхэм леишхуэ къатохьэ. Апхуэдэу куэд щIакъым иджыри зы адыгэ унагъуэ гуауэшхуэ къызэрихъуэрэ. Накъыгъэм и 18-м къэралыр ихъумэу зауэм хэкIуэдащ Джырандокъуэ Хъусен Исхьэкъ (абазэхэ Бэтчий лъэпкъым щыщщ).

Джырандокъуэм и хъыбар къыдигъэщIащ илъэсищ и пэкIэ Налшык къэзыгъэзэжа Къардэн Самир. И адэ шыпхъум и къуэр зэраукIар телевизоркIэ къыщищIэм, хуабжьу игъэгумэщIащ а гуауэм ар.

- «Пенсэм сыкIуэным илъэсиплI иIэжщи, абы сынэсмэ, ди адэжь хэкум сэри нэзгъэзэжынщ», - къызжиIа къудейт си къуэшым, - игу къегъэкIыж Самир.

Джырандокъуэ Хъусен Исхьэкъ Джолан щыIэ Хъышние къуажэм къыщалъхуащ. ЕхъулIэныгъэхэр иIэу школыр къиухри, дзэм къулыкъу щызыщIэхэр щрагъаджэ колледжым щIэтIысхьат. Ари фIы дыдэу къиухри, армэм хыхьат. Абы хэтурэ къулыкъу куэд зэрихъуэкIащ. Апхуэдэурэ кхъухьлъатэхэр къезыудых зауэлIхэр щагъасэ колледжым и унафэщI хъуащ. Генерал-майор цIэ лъапIэр къыхуагъэфэща нэужь, Сирием и армэхэм я департаментым я IэтащхьэуилъэситIкIэ лэжьащ. Дзэ къулыкъум, кхъухьлъатэ, ракетэ Iуэхухэм фIыуэ хищIыкIырт. Армэм пыщIа Iуэху яIэу Сирием и лIыщхьэхэр нэгъуэщI къэрал кIуэн хъумэ, къэпщытакIуэ-чэнджэщэгъуу Джырандокъуэр я гъусэт.

«ЛIым и лIыгъэр здынэсыр наIуэ къэзыщIыр псэзэпылъхьэпIэрщ», - жаIэ. 1982 гъэм Израиль армэр Ливаным щытеуам щыгъуэ, Джырандокъуэм абы щызэрихьа лIыгъэм папщIэ, а зэманым Сирием и президенту щыта Асад Хафез «И лIыхъужыгъэм папщIэ» медаль къритат. И псэр здыщана зауэм здыпэрытым, сэлэтхэм яужь зыкъринакъым, къэралым и мамырыгъэр хъумэным пэщIэт дзэм яхэтащ.

- Къэралым хуэпэжу, емыпцIыжу, абы и мамырыгъэр зэрылъапIэр къыгурыIуэу, лIыгъэ хэлъу щытащ си къуэшыр, - игу къегъэкIыж Къардэн Самир. - ЗэфIэкI зыбгъэдэлъ, хьэл-щэн дахэ зыхэлъ цIыху къабзэт. ЦIыхухэм епэгэкIыртэкъым, и офицерхэми сэлэтхэми пщIэ яхуищIырт, езыхэми фIыуэ къалъагъуэрт. Сыт щыгъуи жиIэу зэхэсхырт: «Хьэл-щэн нэхъыфIу схэлъыр къысхэзылъхьар ди адыгэ хабзэмрэ адыгэ нэмысымрэщ». ЛъэIукIэ адыгэ гуэрым Исхьэкъ зыхуигъэзамэ, и къару къызэрихькIэ дэIэпыкъунут. КъэбэрдеибзэкIи абазэхыбзэкIи псалъэрт. Унагъуэ дахэ иIэт: и пхъуиплIым ящыщу щыр унагъуэ ихьат, и малъхъэхэри адыгэт; и къуэ закъуэми адыгэ пщащэ къишащ. Зэщхьэгъусэхэм я бынхэм щIэныгъэ ирагъэгъуэтащ, гъэсэныгъэ дахэ халъхьащ.

Ди лъэпкъэгъу лIыхъужьым и фэеплъыр къэралым Iэтауэ игъэлъэпIащ мэкъуауэгъуэм и 28-м, дунейм зэрехыжрэ махуэ 40 щрикъум. А Iуэхугъуэр къызэрагъэпэщащ Сирием Дзэ Iуэхухэмк Iэ и министерствэмрэ Дамаск щызэхэт Адыгэ ФIыщIэ Хасэмрэ.

«Хуитыныгъэрэ пщIэрэ къызэрахьыр лIыгъэрэ цIыхугъэрэщ» - жаIэ. Мамырыгъэм и телъхьэу Сирием щыпсэу сыт хуэдэ лъэпкъми ящыгъупщэнкъым къызэрыгуэкI гуащIэрыпсэу адыгэ унагъуэм къыхэкIа армэм и генерал Джырандокъуэ Хъусен Исхьэкъ зэрихьа лIыхъужыгъэр.

**ЩОДЖЭН Iэминат.**

**ТIЭШ Хьэмид**

### Iуащхьэмахуэ

**Iуащхьэмахуэ уэсу телъым**
**Жэщи махуи нэпсыр щIож.**
**ЩIым и бынхэр щикъухьащи,**
**Магъыр ар, имыщIэу еш.**

**Адэжь Хэкум нобэ исыр**
**Ди нэ-ди псэу фыдолъагъу.**
**Димыягъэу, димылажьэу**
**ДыфпэIэщIэщ - къытхуэвгъэгъу.**

**Iуащхьэмахуэ дымылъагъуми,**
**Я нэхъ дахэу щIэтщ ди нэгу.**
**Хамэ щIыпIэ дыщыпсэуми,**
**Дрогушхуэ - ар ди хэкущ.**

**Ди анэ дахэу ди Хэкужь,**
**Ди нэхъыжьхэр димыIэж.**
**Хамэ щIыпIэм дыкъыумынэу,**
**Дурибынкъэ - дынэшэж.**

**Сыт ди лажьэр, ди Хэкужьыр**
**Дымылъагъуурэ долIэж.**
**Ди адэр лIами, ди анэр псэукъэ?!**
**ЦIыкIуи ини дывгъэкIуэж.**

**ЛIы зыукIым бэлыхьыр**
**Илъэс бжыгъэкIэ еух.**
**Мыухыжу ттелъ бэлыхьым**
**Дигу хегъэщIыр, лъэр тфIыщIех.**

**Лыуэ ттелъыр дыдымейми,**
**Къупщхьэу диIэр Хэкум ейщ...**

**Дынэшэж уи деж нэхъ псынщIэу,**
**Адэжь лъахэу Къэбэрдей!**

*Сирие, Дамаск*

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Маждэ**

### Хамэ уафэщ къысщхьэщытыр

**Уи удз Iущащи, псынэ уши,**
**Уи Iуащхьэмахуэ ныдэж жьыбгъи,**
**ПсынэщIэ къэзылъху уэ уи къурши,**
**Уэгум щыхуарзэ уи къуршыбгъи -**
**Я макъ зэщIэлъыр, Къэбэрдей,**
**Щызэхызохыр сэ мыбдей.**

**Согужьеижыр, зысплъыхьамэ, -**
**Сэ къысщхьэщытыр хамэ уафэщ,**
**Сызытет щIыгури сэ си хамэщ -**
**Си лъэгур къесыр абы мафIэу.**
**ГуфIэгъуэу сиIэр, Къэбэрдей,**
**Уи макъ къэIусырщ сэ си дей.**

**Си нэр зэтеспIэм сэ къысфIощIыр:**
**Къыспебгъэжьауэ адэ-Хэкум**
**Жьыбгъэм си натIэр къысхуилъэщIу,**
**Жыгхэм къыдалъэу Iэ си нэгум,**
**Псынэм схуиусу и уэрэд -**
**А псом сыгуфIэу сэ сахэт.**

**КъысфIощI Сосрыкъуэ къихьа мафIэм**
**Сэ сигу пIыщIар къигъэхуэбэжу,**
**Си адэжь лъэпкъым и бзэ IэфIыр**
**Бзэрабзэу сэ къысIуралъхьэжу...**
**Гугъэ-пщIыхьыфIыр мэлъэтэж,**
**Сэ хэхэс щIыгум сыкъонэж.**

*США, Нью-Йорк*



**АдыгэлIым шыр зыхуигъадэ щыIэтэкъым.**
*Сурэтыр* **Уильям Аллан** *ищIащ. 1843 гъэ*




● Шхыныгъуэхэр

## КIэртIоф зыдэлъ псыхьэлывэ

КIэртIоф укъэбзар псывэм халъхьэ, шыгъу хадзэри, шыуанызщхьэр тепIауэ хьэзыр хъуху ягъавэ. Ва нэужь и псыр щIагъэжри, щабэ хъуху яуб, итIанэ бжьын гъэлыбжьа, шыбжий плъыжь сыр, тхъу, шыгъу, джэдгын халъхьэ - псори фIыуэ зэIащIэ. КIэртIофыр вэху, тхьэвыр ягъэхьэзыр: абы щхьэкIэ псы хуабэм шыгъу хадзэ, шхурэ шатэрэ хакIэри фIыуэ зэIащIэ. АдэкIэ гуэдз хьэжыгъэ ухуэнщIар тепщэчым иракIутэ, и кур къратхъу, абы псы зэхэщIар иракIэри, тхьэвыр быдэ хъуху япщ, хьэжыгъэ тIэкIу и щхьэм трагъэщэщэжри, зэхэшыпсыхьын щхьэкIэ дакъикъэ 15-20-кIэ щагъэт. ИтIанэ тхьэвыр хупхъэкIэ яху, и Iувагъыр мм 5-6 хъууэ, хъурей цIыкIуурэ къыхагъэж, абы и щIыIум кIэртIоф пIастэр тралъхьэ, мазэ ныкъуэм ещхьу тхьэв кIапэхэр зэкIэрагъапщIэ, шыуаным ит псы къэкъуалъэм халъхьэри ягъавэ. ЧымчыркIэ къыхахыж, тепщэчым иралъхьэри шатэ тракIэж. Пщтыру яшх.

***Халъхьэхэр:***

***Тхьэвым:***

гуэдз хьэжыгъэу - грамм 600,
зэрапщ псыуэ - грамм 200,
джэдыкIэ цIынэу - 1,
шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

***Хьэлывэм дэлъынур:***

кIэртIоф укъэбзауэ - грамм 700,
бжьыныщхьэ укъэбзауэ - грамми 150-рэ,
тхъууэ - грамми 100,
шатэу - грамм 75-рэ,
шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

## Джэш хужьым къыхэщIыкIа лыбжьэ

Джэшыр зэхащыпыкI, псы хуабэпцIыкIэ ялъэс, шыуаным ит псы щIыIэм хакIутэри мафIэр ину блэуэ зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. МафIэр ирашэхыжри шыуанызщхьэр тепIауэ ягъавэ, джэшыр нықъуэвэфI хъуху, шыгъу хадзэри, тхъурымбэр къытрахыурэ, хьэзыр хъуху ягъавэ. Джэшыр варэ и псыр щIэмывэщIамэ, ар ирамыкIуту нэгъуэщI пщалъэ иракIэ. Джэш ва шыуаным илъыр, псы къыщIагъэжар тIэкIу-тIэкIурэ щIакIэурэ, бэлагъкIэ яуб, хъудыр хъуху. Джэш уба шыуаным илъым, зэIащIэурэ, шатэпс хакIэ, пэшхьэкум трагъэувэри зэIащIэурэ мафIэ щабэкIэ къагъавэ, зыхуей Iувагъым хуэдэ хъуху. Хьэзыр хъуа иужь абы и щхьэм тхъу къытредзэ. Абы тхъукIэ гъэлыбжьа бжьын халъхьэри, шыуанызщхьэр тепIауэ дакъикъи 3-5-кIэ къагъавэ, мэ дахэ, IэфI къыщIыхьэн щхьэкIэ. Пщтыру тепщэчым иралъхьэри Iэнэм трагъэувэ.Чыржын, пIастэ, мэжаджэ, щIакхъуэ дашх.

***Халъхьэхэр (цIыхуиплI Iыхьэ):***

джэш хужьу - грамм 400,
джэшыр зэрагъэвэну псыуэ - грамм 1000,
бжьыныщхьэ укъэбзауэ - грамми 100,
тхъууэ - грамми 100,
шатэпсу - грамм 350-рэ,
шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

***«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.***

● Интернетым дыкъыщоджэ

## Хэт гъащIэр зейр?

Зэгуэрым пщащэр и адэм хуотхьэусыхэ:

- Си адэ, сезэшащ, гъащIэм гугъуехь, лъэпощхьэпо куэд сыщрохьэлIэ, абыхэм я хэкIыпIэхэр къэслъыхъуэурэ си щхьэр здэсхьыныр сымыщIэжу сыкъэнащ. АфIэкIа къару сиIэжкъым. Сыт сщIэнур?

Адэр къыпыгуфIыкIри, пэшхьэкум кIэструлищ, псы ярыту, тригъэуващ. Зым пхъы хидзащ, адрейм джэдыкIэ хилъхьащ, ещанэм кофе хьэдзэ Iэбжьыгу хикIутащ.

Дакъикъэ зыбжанэ дэкIри, пхъымрэ джэдыкIэмрэ къыхихыжащ, ещанэ кIэструлым хэлъа хьэдзэр зыхэвыхьа кофери кърикIащ.

СыткIэ захъуэжа мыбыхэм? - щIэупщIащ адэр.

- Пхъымрэ джэдыкIэмрэ ващ, кофе хьэдзэхэр хэткIухьри, узэфэ хъун къыщIэвыкIащ.

- Хьэуэ, си хъыджэбз, уэ къызжепIар нэм илъагъу къудейращ. Быдэу щыта пхъыр псы къэкъуалъэм хэлъа нэужь, щабэ хъуащ, ткIуаткIуэу щыта джэдыкIэр вэри, быдэ хъуащ. Я теплъэкIэ захъуэжакъым, я зэхэлъыкIэр зрихьэлIа гугъуехьым - псы къэкъуалъэм - и зэранкIэ нэгъуэщI хъуащ. Апхуэдэщ цIыхухэри, къарууфIэу плъагъухэр зрихьэлIэ Iуэхум елъытауэ къарууншэу къыщIидзынкIэ хъунущ, нэхъ махэхэр, узэрыщымыгугъауэ зыкъагъэлъэгъуэныр зыхуэIуа щыIэкъым.

- Кофер-щэ? - щIэупщIащ хъыджэбзыр.

- Ар псом нэхърэ нэхъ гъэщIэгъуэнщ. Кофе хьэдзэхэр зыхэхуа щытыкIэм ебэнурэ, псы къэкъуалъэ къызэрыгуэкIыр, зыхуэдэ щымыIэ, псоми яфIэIэфI кофе ищIащ.

ЩыIэщ цIыху зыпэщIэувэ гугъуехьым къимыгъэдзыхэу, зыдимыхъуэжу, атIэ а щытыкIэр езым ихъуэжрэ телъыджэ гуэр къигъэщIу.

# Си япэ егъэджакIуэ

● Дэ къытхуатх



Дэтхэнэ зы цIыхуми и гъащIэм увыпIэ щхьэхуэ щеубыд курыт школым щигъэкIуа илъэсхэм. А лъэхъэнэм куэдкIэ елъытащ абы и гъащIэр зыхуэдэнур. Си дежкIэ гуимыхужщ а илъэсхэр, куэдрэ си нэгу къыщIызогъэхьэж еджапIэм щызгъэкIуа зэманыр.

1994 гъэм курыт школым сыщIэтIысхьащ. Нобэ хуэдэу сощIэж си анэм си Iэпэр иIыгъыу япэ дыдэу классым сыщыщIишар. Слъагъу псор сфIэгъэщIэгъуэнт икIи щIэщыгъуэ гуэр къыспэплъэу къысщыхъурт. Пэж дыдэуи щIэщыгъуэ защIэу екIуэкIащ школым щызгъэкIуа дэтхэнэ зы махуэри, гъащIэм лъэ быдэкIэ сыхэзыгъэувар абы къыщIэсха щIэныгъэрщ.

Сабийр еджэным хэзэгъэнымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ абы и япэ егъэджакIуэм. Абы и лъэныкъуэкIэ сэ куэдрэ гуапэу сигу къызогъэкIыж щIэныгъэм и дуней сыхэзыша Быгуэ Маринэ. Ар гуапэу къыспежьэу, псалъэ дахэхэр къызжиIэу партэм сызэрыдигъэтIысхьар зэи сщыгъупщэркъым.

Гъэм и зэманхэр зэрызэмыфэгъум ещхьу, дунейм тет цIыхухэри зэщхькъым. Я теплъэкIэ зэрызэщхьэщыкIым и закъуэкъым, я гум, я псэм и щытыкIэми укъигъэуIэбжьу зэпэщхьэхуэщ. Си егъэджакIуэр ящыщщ нэхъ гу хуабэ, псэ щабэ зиIэ цIыхухэм. 1972 гъэм педучилищэр къиухри, Быгуэ Маринэ Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэм дэт курыт школ №5-м лэжьэн щыщIидзащ. Зыхэт гупми, иригъаджэ цыкIухэми, абыхэм я адэ-анэхэми фIыуэ къалъагъуу, пщIэ къыхуащIу илъэс 40-кIэ егъэджакIуэ IэнатIэм пэрытащ ар. И дуней тетыкIэкIэ, и цIыху хэтыкIэкIэ и гугъу пщIымэ, хуэдэр зырызщ зыхужаIэхэм ящыщщ Маринэ. Нэхъыжьым пщIэ яхуищIу, нэхъыщIэм я ущиякIуэу, езыр цIыху щабэу, Iэдэбу, нэфIэгуфIэу сытым дежи щытщ.

Апхуэдэ хьэлыфIхэр зэрыхэлъырщ абы сабийхэм я гур къыщIихьэхуфри.

Си егъэджакIуэм теухуа гукъэкIыж дахэхэр мащIэкъым: япэ хьэрфхэр си Iэпэр иIыгъыу зэрызигъэтхар, ахэр зэпызгъэувэфу сызэригъэсар, есэпым сызэрыхигъэгъуэзар...

ЩIэныгъэ ябгъэдилъхьэным и мызакъуэу, гъэсэныгъэми мыхьэнэшхуэ иритырт Быгуэм. Дерсыр къызэIуихыным и пэ къихуэу, адыгэ хабзэм дакъикъэ бжыгъэ гуэр махуэ къэс тригъэкIуадэрт, цIыхур зыгъэдахэр и хьэлщэнрауэ зэрыщытыр сытым дежи къыджиIэрт. Дэтхэнэ сабийми бгъэдыхьэкIэ зырыз къытхуигъуэтырт, жыпIэнурамэ, и быным хуэдэут псоми къызэрытхущытыр. Апхуэдэу гумащIэу къытхэта, гумызагъэу ди Iуэху дэзыгъэкIа бзылъхугъэр ди анэ етIуанэу сэ къызолъытэ.

Зэклассэгъу цIыкIухэр псори еджэным дыхуэжыджэру, нэхъыбэ къызэрытщIэным дыхущIэкъуу пэщIэдзэ классхэр къыдигъэухащ Маринэ. Абы игъэтIылъа лъабжьэрщ класс нэхъыжьхэм дезыгъаджа егъэджакIуэхэм я «жылэр зытрасар». Гугъу зыкъыддрагъэхьащ абыхэми. Ахэращ зи фIыщIэр IэщIагъэ зырызыхэ къыхэтхауэ гъащIэ гъуэгуанэм ди лъагъуэ зэрыщыхэтшыр.

Апхуэдэу пщIэ яхуэсщIу я цIэ къисIуэну сыхуейт школ унафэщIу щыта Мамбэт ФатIимэ, абы и къуэдзэу лэжьа Кумыщ Амдул (ахърэт нэху Тхьэм къырит), егъэджакIуэхэу Дидан Дусэ, Щэрдан ФатIимэ, Батыр Иринэ, Дыджэ ХьэIишэт, Кумыщ Альбинэ, Щоджэн Оксанэ сымэ. Узыншагъэр яIэу, дэрэжэгъуэмрэ гуфIэгъуэмрэ я Iэпэгъуу, берычэтыр я Iэнэгуу гъащIэ дахэ ирахьэкIыну си гуапэщ.

**ЕМКЪУЖ Анжелэ,**
*КъБКъУ-м и студенткэ.*

● Щапхъэ

## Японхэр зыхуэIущыр

**♦Жып телефоныр тхьэкIумэ сэмэгум Iуалъхьэркъым.**
**♦Зы жэщ-махуэм къриубыдэу зэ фIэкIа кофе ефэркъым.**
**♦Хущхъуэр псы щIыIэкIэ ирагъэхыркъым.**
**♦Пщыхьэщхьэм сыхьэтитху нэужьым шхэркъым.**
**♦Щэ, дагъэ зэбэкI ерыскъы яшхыркъым.**
**♦Пщыхьэщхьэм куэдрэ щыскъым, сыхьэти 10-м щыщIэдзауэ 6 хъуху нэхъ IэфIу узэрыжейр ящIэри.**
**♦Телефоным и къарур (зарядкэр) мащIэ хъуа нэужь къагъэсэбэпыркъым, абы къыпкърыкI радиацэр зы минкIэ зэрынэхъыбэм щхьэкIэ.**

● Псалъэ пэжхэр

## Дыгъум и гъуэгур

**◆ЦIыхухэм яхуэпщIэфыну гуапагъэм зэи ущымысхь.**
**◆Усэр зыгъэусэр абы кIуэцIылъ гупсысэрщ.**
**◆ЗыхузэфIэкIым тхьэмыщкIэм зыщIимыгъакъуэмэ, тхьэмыщкIэр абы лэжьакIуэ хуэхъужыфынукъым.**
**◆ЦIыхухэм уащыукIытэныр хьэлыфI дыдэщ, уэ узыщыукIытэжу упсэуныр нэхъыфIыжщ.**
**◆УщIалэху улэжьэн хуейщ - армыхъумэ, жыгъэр къоупщIынущ, «уи щIалэгъуэр дэнэ здэщыIар?» - жиIэу.**
**◆Къыумылэжьауэ пшхы ерыскъыр къэбдыгъуауэ пшхы ерыскъым хуэдэщ.**
**◆Лэжьыгъэншэ гъащIэр - бзаджэнаджагъэ псоми я лъабжьэщ.**
**◆Дунеишхуэр къыщIигъэщIар цIыхухэращ, цIыхухэр къыщIигъэщIыжари дунеишхуэрщ.**
**◆Псы здэщымыIэм псэи щыIэкъым.**
**◆Хьэм и кIэм утеувэмэ, и жьэр хуит пщIауэ аращ.**
**◆Iуэхур зэрыхъун хуейм хуэдэу умыщIмэ, зэрымыхъуным хуэдэу хъунущ.**
**◆Нысэр зыгъэнысэр гуащэраци, гуащэр зыгъэгуащэжри нысэрщ.**
**◆Дыгъум и гъуэгур сытым дежи хуэнэшэкъашэщ.**

КIУРАШЫН Алий.

● ЩIэблэ



**ГъукIакъуэхэ Иналрэ Идаррэ.**
*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# КъэкIуэнур зейхэр

**«ЗэкъуэшитIрэ дзитI зыIутрэ», - жеIэ адыгэ псалъэжьым. Апхуэдэхэщ сурэтым щыфлъагъу ГъукIакъуэхэ Идаррэ Иналрэ. Ахэр щIалэ гъэсахэщ, дуней еплъыкIэ дахэрэ цIыху хэтыкIэ екIурэ зиIэхэщ.**

ЗЭШХЭМ я нэхъыжь Идар Налшык дэт курыт школ №14-р 2012 гъэм ехъулIэныгъэкIэ къиухри и еджэным Чех Республикэм щыпищащ. Прагэ дэт Каменский Ян Амос и университетым и студент нэхъыфIхэм ящыщщ Идар. Япэ илъэсым абы фIы дыдэу зригъэщIащ а щIыпIэм егъэджэныгъэр зэрыщекIуэкI чехыбзэр, иужькIэ 1-нэ курсым къащтауэ журналист IэщIагъэм абы щыхуоджэ. Университетым и гъащIэм жыджэру хэтщ адыгэ щIалэщIэр. ФIыуэ зэреджэм къыдэкIуэу гъащIэр, къэзыухъуреихь дунейр зыфIэхьэлэмэт Идар хунос здэщыIэ къэралым и щIыпIэ хьэлэмэтхэр, цIэрыIуэхэр зригъэлъагъун. Апхуэдэу абы и нэгу зыщригъэужьащ икIи зригъэлъэгъуащ нэгъуэщI щIыпIэхэри: Венециери, Австриери, Германиери. Адыгэпсэ икIи адыгэгу щIалэщIэм а къэралхэм щеджэ ди лъэпкъэгъу щIалэгъуалэм нэIуасэ захуищIащ икIи абыхэм я зэгухьэныгъэ цIыкIу - Адыгэ Хасэ - Чехием къыщызэригъэпэщащ. Тхылъ еджэным, къэхутэныгъэм дахьэх Идар. Прагэ къэрал библиотекэм абы къыщегъуэт адыгэхэм я тхыдэм теухуа хъыбар гъэщIэгъуэнхэр, ахэр щIэх-щIэхыурэ къытохуэ «Адыгэ псалъэ» газетым и напэкIуэцIхэм. Мы зэманым Идар Налшык щыIэщ, зыгъэпсэхуакIуэ къэкIуэжауэ. Абы чехыбзэ ярегъащIэ Прагэ еджакIуэ кIуэну зи мурад ныбжьыщIэхэм.

Идар и шынэхъыщIэ Инал мы гъэм экстернэу курыт школыр къиухащ. Еджэныр «фIырэ» «фIы дыдэу» зэфIэзыха, Зыуэ щыт къэрал экзаменхэри ехъулIэныгъэ иIэу зыта щIалэ жыджэрым бгъэдэлъ щIэныгъэм щыхигъэхъуэну и мурадщ МВД-м и университетым. Инал зэрысабийрэ спортым дехьэх. Ар хуэIэкIуэлъакIуэщ бэнэкIэ хуит, дзюдо, нэгъуэщI спорт лIэжьыгъуэхэми. Гу къабзэрэ псэ хьэлэлрэ зиIэ щIалэщIэм и мурадхэр къехъулIэну ди гуапэщ.

ГъукIакъуэхэ Аслъэнбэчрэ Лацэрэ я щIалитIыр насыпыфIэ, гъащIэ кIыхь хъуну, ди лъэпкъым и цIэр фIыкIэ жыжьэ зыгъэIуну щIалэ хъуну Тхьэм дыхуолъэIу. Апхуэдэхэращ лъэпкъым и гугъапIэхэр, ди къэкIуэнур зейхэр.

**КЪАРДЭН Маритэ.**

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **8**. « ... пут закъуэ» ЩоджэнцIыкIу Алий и рассказ. **9**. ГъущIхэкI, дыщэм нэхърэ нэхъ лъапIэу. **10**. Зэпымыууэ уэс зытелъ бгы лъагэ. **11**. Шым, Iэщым я фэр изых бадзэжь. **14**. Чыцэм къыпыкIэ пхъэщхьэмыщхьэ ткIыбжь къащхъуафэфIыцIафэ хъурей цIыкIу. **16**. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щыта ... Къанщобий. **18**. ФIыцIэ, къамылыфэ. **19**. Теунэ Хьэчим, Сокъур Мусэрбий, ХьэкIуащэ Андрей, Къэжэр Петр сымэ я къуажэ. **21**. Уэнжакъым йокI. **22**. БгитI зэхуаку. **23**. Сабий цIынэ къиинып зэрагъэудэIу. **24**. Адыгэ генерал. Е Мыщэ и къуэ ... **26**. Егъэлеяуэ ерыщ. **31**. Шагъыр къызыхащIыкI пхъэщхьэмыщхьэ. **32**. Къурш лъэныкъуэмкIэ къриху жьы щIыIэтыIэ. **33**. Ар щIэпым къыхах, зыгуэрхэр иризэкIуэцIапхэ. **38**. ЩIэжьей. **39**. Я ... хъуауэ си ныбжьэгъум хъыджэбзитI иIэщ. **40**. Мэжджытым хэтщ ... джапIэ. **42**. Адыгэхэр Дон псым зэреджэр. **43**. Адыгэ сабийхэм папщIэ къыдэкI журнал гъэщIэрэщIа. **44**. Дин Iуэхум Сауд Хьэрып къэралыгъуэм зыщыхуэзыгъэхьэзыра цIыху. **46**. Лъахъстэн вакъэ пIащIэ. **47**. ЩIыпIэ хуабэхэм хьэлъэзехьэу къыщагъэсэбэп псэущхьэшхуэ. **48**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, ар зышхар псы йофэж. **49**. ЛэжьапщIэ, улахуэ, ... **52**. Адэр и къуэм йошхыдэ: « ... умыупс, дыгъуасэ еджапIэм укIуакъым». **54**. ... къакIуэмэ, кIэфий нэкIуэжынщ. **56**. «Бгырысхэр» романыр, ди театрым куэдрэ щагъэува «Яшэмрэ къэзышэхэмрэ», «Партым и лIыкIуэ» пьесэхэр зи Iэдакъэ щIэкIа тхакIуэ, драматург.

***Къехыу:*** **1**. ЗрагъэщIэращIэу, цIыхубзхэм зыкIэралъхьэ хьэпшып цIыкIу. **2**. УэрэджыIакIуэ Iэзэу щыта, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артист ... Борис. **3**. Адыгэ псалъэжьым тепщIыхьмэ, ар куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ. **4**. Дзэлыкъуэ щIыналъэм хиубыдэ къуажэ. **5**. ... псы кIэрыпщIэрэ? **6**. ПшахъуэщI. **7**. Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм я щIыналъэхэм щежэх псышхуэ. **12**. КъуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ къыщыблэ вагъуэ зэрыбын. **13**. Зауэм лIыгъэшхуэ щызезыхьа танкзехуэ, Совет Союзым и ЛIыхъужь Къардэн ... **15**. ТхакIуэ, публицист, Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ. **17**. Хэку зауэшхуэм и зэманым кхъухьлъатэзехуэу щыта, Совет Союзым и ЛIыхъужь Къуэныкъуей ... **18**. ХадэхэкI. **20**. ... 14-у зэтет унэ зыбжанэ дэтщ Налшык къалэ. **25**. Колхоз унафэщIу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь ... Башир. **27**. ХьэщIэ лъапIэм хуаукI Iэщ. **28**. ЩIы къиуда. **29**. Нало Заур и япэ IэщIагъэу щытар. **30**. Псэхэлъхьэж. **34**. Си ... къэлъагъуи, мы зэм зыкъысщIэгъэкъуэж. **35**. Дуней псом къыщацIыхуу щыта гъуащхьэтет Лев Яшин, апхуэдэу адыгэ футболист Ещтрэч Владимир сымэ щыджэгуа командэ. **36**. Мэремыкъуэ Хъусен игъэзащIэ «Адыгэ нэмыс» уэрэд цIэрыIуэм и псалъэхэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа, Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ усакIуэ ... Алим. **37**. « ... зэшищ» адыгэ уэрэдыжь. **38**. Ди къэралым и ищхъэрэ щIыналъэм Iэжьэм щыщIащIэ псэущхьэ. **41**. Ефэндым: « ... сщIащ, скъутэ хъунукъым». **45**. Адыгэ макъамэ Iэмэпсымэ. **48**. Мэлыц щабэ. **50**. ... и къуэ нарт лIы хахуэ Щэуей. **51**. Пхъэ уадэшхуэ. **53**. Уи щхьэ мыузым ... къомышэкI. **55**. ... и къуэгъурэ вы и гъуррэ. **57**. Шатэм, тхъуцIынэ гъэвэжам я дагъэ.

*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ.**

***Мэкъуауэгъуэм и 28-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Iэсэ. **3**. Анэм. **6**. Бжэмышх. **9**. Мыл. **10**. Щыхь. **11**. Бру. **12**. ТхьэлъэIу. **13**. Хьилэшы. **14**. Пхъужь. **15**. Медан. **17**. Аслъэн. **21**. Блэ. **22**. Астемыр. **23**. Ажэ. **24**. Фэдэн. **25**. Хьэдис. **27**. Пкъы. **30**. Уанэгур. **33**. Пхъампэ. **36**. Щыкъу. **37**. Мет. **38**. Алъп. **39**. Хьэтыкъуей. **40**. Данэ. **41**. Iэжьэ.

***Къехыу:*** **1**. Iэмбатэ. **2**. Салимэ. **4**. Нэщанэ. **5**. Мухьэжыр. **6**. Бзыгъэ. **7**. Мэрзэхъу. **8**. Хабзи. **15**. Мылыф. **16**. Абазэ. **18**. Серчэ. **19**. Нэжэс. **20**. Кхъуей. **26**. Мухьэмэд. **28**. Къамышы. **29**. Нэрыплъэ. **31**. Нартан. **32**. Гуэныхь. **34**. Хъыбий. **35**. Мыщафэ.

## Унагъуэр кIэкIэ зэрехьэ

● Усыгъэхэр

Псалъэр кIэщIрэ купщIафIэмэ,
Къару иIэщ хуэдэу мафIэм.
Псалъэр кIыхьрэ кIэлъэфмэ,
Ещхьщ дэ купщIэ нэфым.

* * *

Iущагъ зыхэлъым къыIурылъэлъу,
Емыгупсысу къипсэлъкъым псалъэ.
Мэпсэу апхуэдэр ипэкIэ плъэуэ,
ИщIэжу фIыуэ и щхьэ и пIалъэ.

* * *

ЦIыху тхьэмыщкIэщи фыгъуэнэдыр,
ФIы къохъулIэмэ, зэгуоудыр.
ЦIыху хейр пцIыкIэ зыгъэкIуэдым,
КъыхуокIуэжыр щIапIэ кIуэдыр!

* * *

НысащIэ бзаджэу жьэ мыгъуэм
КIэкIэ зэрехьэ унагъуэр.
Трилъхьакъэ уанэ мыгъуэр
Къэзышам а шынагъуэр.

**АПАЖЭ Ахьмэд.**

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэм я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, редактору Жыласэ Маритэ, корректорхэу Афэ Тамарэ (1, 3, 5-нэ нап.), ПхытIыкI Азэмэт, (2, 4, 6-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.002 ● Заказ №1320